

## Kondisyon pou Gradyasyon - Ane Akademik 2023-2024

<b>Kalkil Mwayèn Jeneral (GPA)</b>	2.0
<b>Sèvis Kominotè<sup>1</sup></b>	20 Èdtan
<b>24 Kredi pou kou obligatwa yo</b>	
<b>Kominikasyon Oral/Ekri</b>	Anglè 1, 2, 3, ak 4 ELA regilye, onè, Aksès, Plasman Avanse (AP), AICE, IB ak kou anwolman nan 2 pwogram anmenmtan kapab satisfè kondisyon sa a
<b>Matematik<sup>3</sup></b>	4 kredi <sup>4</sup> (dwe enkli Aljèb 1 ak Jeyometri) <sup>5</sup>
<b>Syans</b>	3 kredi <sup>4</sup> (Biyoloji 1 ak 2 kou ki rigoure menmjan an, youn ladan yo dwe yon kou syans fizik <sup>6</sup> ) <sup>7</sup>
<b>Syans Sosyal</b>	3 kredi (Istwa Jeneral, Istwa Etazini, 1/2 Ekonomi, 1/2 Istwa Gouvènman Etazini)
<b>Atizay Pratik/Pèfòmans</b>	1 Kredi boza oswa pèfòmans atistik, diskou, deba, oswa kou CTE yo espesifye <sup>8</sup>
<b>Edikasyon Fizik</b>	1 kredi (1/2 kredi PE ak 1/2 kredi Egzèsis Pèsonèl oswa 1 kredi HOPE)
<b>Elektif<sup>9</sup></b>	8 kredi nan klas 9 <sup>yèm</sup> pou ane 23 ak avan, 7.5 kredi nan klas 9 <sup>yèm</sup> pou ane 24 ak apre
<b>Edikasyon sou Finans Pèsonèl</b>	½ kredi nan klas 9 <sup>yèm</sup> pou ane 24 ak apre

<b>Evalyasyon Florid sou Fason Elèv Reflechi<sup>12</sup></b> (Florida Assessment for Student Thinking) (ann Anglè FAST)	Klas 10 <sup>yèm</sup> FAST ELA (Nivo 3 oswa pi wo) OSWA nenpòt sa ki piba ACT Anglè ak Lekti - Mwayèn 18 (17.5 a pi wo); SAT EBRW-480 CLT – Seksyon Konbine nan Ekriti ak Gramè Vèbal – 36 FSA – Nivo 3 pou nan klas 9 <sup>yèm</sup> pou ane 2021 ak avan	
<b>EOC Evalyasyon (Kou Final)<sup>10,12</sup></b>	Biyoloji 1 Istwa Etazini Jeyometri	Aljèb 1 (Nivo 3 oswa piwo) OSWA Jeyometri (Nivo 3 oswa piwo) PSAT/NMSQT 430, Matematik SAT 420 oswa Matematik SAT 16 CLT Seksyon Rezònman Kantitatif - 11
<b>FAA<sup>11,12</sup> Evalyasyon Estanda Altènatif Florid (FSAA)</b>	Nivo 3 oswa pi wo Elèv 10 <sup>yèm</sup> ane ELA FAA    Aksès Biyoloji 1    Aksès Jewometri Aksès Aljèb 1    Aksès Istwa Etazini	
<b>Tès Edikasyon Sivik Florid</b>	Li obligatwa pou elèv yo pran tès evalyasyon an. Elèv ki fè nòt pou pase egzamen pou literati sivik p ap bezwen pran literati sivik aprè lekòl segondè.	

<sup>3</sup>Yo mande kou nivo siperyè (Aljèb 2 oswa pi wo) pou antre nan yon inivèsite piblik nan Florid.

<sup>4</sup>Elèv la dwe genyen yon minimòm 3 kredi pandan l'ap enskri nan klas 9<sup>yèm</sup> - 12<sup>yèm</sup> ane.

<sup>5</sup>Kou pou Sètifika Endistriyel yo deziye yo kapab ranplase 2 kredi matematik; sa pa enkli aljèb 1 ak Jeyometri.

<sup>6</sup>Yo idantifye kou syans fizik yo nan: "Grades tab" nan SIS anba kolòn "Grad Subject"

<sup>7</sup>Kou pou Sètifika Endistriyel yo deziye yo oswa kou òdinatè egalman rigoure yo idantifye yo kapab ranplase yon kredi syans.

<sup>8</sup>Karyè/Edikasyon Teknik; Kou elijib yo espesifye nan Lis Kòd Kou yo (<http://www.fldoe.org/policy/articulation/ccd>).

<sup>9</sup>Yon minimòm 2 zan nan menm lang etranjè a obligatwa pou admisyon nan yon inivèsite 4 an.

<sup>10</sup>Y ap kalkile tout EOC yo kòm 30% nan mwayèn final la.

<sup>11</sup>Pou elèv ki gen gwo andikap mantal jan Ekip IEP a detèmine li.

<sup>12</sup>Yo kapab pa konsidere rezilta evalyasyon si Nivo nòt la se 1 oswa 2 jan ekip IEP a detèmine li

## Deziyasyon Diplòm - Ane Akademik 2023-2024

### Deziyasyon Diplòm "Scholar"

Anplis pou l satisfè kondisyon pou diplòm regilye 24-kredi yo, yon elèv dwe

- Resevwa 1 kredi pou chak kou sa yo:
  - Aljèb 2 oswa egalman rigoure tankou Aljèb 2<sup>13</sup>
  - estatistik oswa kou matematik egalman rigoure <sup>14</sup>
  - Chimi oswa fizik
  - yon kou ki rigoure menmjan ak Chimi oswa Fizik
  - yon kou AP, IB, AICE, oswa enskripsyon nan de (2) pwogram anmenmtan
- Resevwa 2 kredi nan menm Lang entènasyonal la
- Fè yon nòt EOC satisfèzan pou matyè sa yo:
  - Jeyometri
  - Biyoloji 1\*
  - Istwa Etazini\*

\*Yon elèv ap jwenn egzansyon pou egzijans sa a si li enskri nan yon kou AP, IB, oswa Biyoloji 1 AICE oswa kou Istwa Etazini epi elèv la pran egzamen respektif AP, IB, oswa AICE EPI li fè nòt minimòm pou l jwenn kredi kolèj.

### Deziyasyon Diplòm Endistri

Satisfè kondisyon diplòm estanda lekòl segondè

- Jwenn youn oswa plis sètifika endistriyèl nan lis ki etabli a (selon Lwa Florid s. 1003.492.)

## 18-kredi Diplòm "ACCEL"

Minimòm 18 kredi nan kou sa yo:

- 4 kou Kominikasyon Oral/Ekri nan Anglè (English Language Arts)
- 4 kou Matematik (Li dwe enkli Aljèb 1 ak Jewometri)
- 3 kou Syans (li dwe enkli Biyoloji 1 ak yon kou syans fizik 6)
- 3 kou Syans Sosyal (Istwa Jeneral, Istwa Etazini, 1/2 Ekonomi, 1/2 Gouvènman Etazini)
- ½ Edikasyon sou Finans (nan klas 9<sup>yèm</sup> pou ane 24 ak apre)
- 1 Boza oswa atizay teyatral, diskou, deba, oswa atizay pratik yo apwouve
- 3 elektiv nan klas 9<sup>yèm</sup> pou ane 23 ak avan oswa
- 2.5 elektiv nan klas 9<sup>yèm</sup> pou ane 24 ak apre

Kondisyon Adisyonèl:

- 2.0 (Kalkil Mwayèn Jeneral) GPA
- 20 èdtan Sèvis Kominotè Volontè<sup>1</sup>
- Egzamen Evalyasyon ELA ak Aljèb 1 EOC klas 10 ane<sup>yèm12</sup>

## Itinerè pou Opsyon Gradyasyon nan Pwofesyon ak Edikasyon Teknik (CTE ann anglè)

Minimòm 18 kredi nan kou sa yo:

- 4 kou Anglè
- 4 kou Matematik
- 3 kou Syans
- 3 Kou Syans Sosyal
- ½ Edikasyon sou Finans Pèsonèl nan klas 9<sup>yèm</sup> pou ane 24 ak apre
- 2 CTE (dwe debouché sou yon pwogram ki konplete, epi yon sètifika endistriyèl)
- 2 Pwogram aprantisaj ki baze sou travay pou nan klas 9<sup>yèm</sup> pou ane 23 ak avan (kapab ranplase jiska 2 kredi elektif, enkli 0.5 kredi edikasyon sou finans) oswa
- 1.5 pwogram aprantisaj ki baze sou travay pou nan klas 9<sup>yèm</sup> pou ane 24 (kapab ranplase jiska 1.5 kredi kou ochwa yo).

Kondisyon Adisyonèl:

- 2.0 (Kalkil Mwayèn Jeneral) GPA
- 20 èdtan sèvis kominotè volontè<sup>1</sup>
- Egzamen Evalyasyon ELA klas 10 ak Aljèb 1 EOC <sup>12yèm</sup>

<sup>13</sup> FLDOE defini kou Matematik ki satisfè kredi obligatwa pou Aljèb 2 ki egalman rigoure.

<sup>14</sup> FLDOE defini Kou matematik ki satisfè kredi obligatwa pou estatistik ki egalman rigoure.

**Tout kondisyon yo ki nan dokiman sa a kapab chanje atravè yon lwa**